**दिन–बुधवार** **दिनांक–16.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेश मे सरकार विद्यालय सभ मे शिक्षकक खाली पदक गणना करब आओर ई पद सभ पर नियुक्ति लेल टीआरआई फोर परीक्षा लेबाक लेल जनौलनि अछि। मुख्यमंत्री सोशल मीडिया एक्स पर अपन पोस्ट मे जनौलनि जे शिक्षा विभाग एहि लेल शीघ्रहि काज पूरा करय। राज्य सरकार पहिनेहि जना देने अछि जे नियुक्ति मे पैंतीस प्रतिशत राज्यक मूल निवासी महिला सभ के आरक्षणक लाभ देल जायत। एहि बीच, शिक्षा मंत्री सुनील कुमार पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत भरोस देलनि जे टीआरआई फोर परीक्षा लेबाक काज शीघ्रहि पूरा कयल जायत।

---

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान बढ़ियां सँ चलि रहल अछि। अखन धरि छओ करोड़ एकासी लाख सँ बेसी मतदाता सभक गणना प्रपत्र जमा भेल अछि। ई कुल मतदाता संख्याक छियासी दशमलव तीन दू प्रतिशत अछि। एम्हर, मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे मतदाता सूची सँ किनको नाम काटय सँ पहिने हुनका नोटिस पठाओल जायत। ओ जनौलनि जे मृत, स्थाई रूप सँ स्थानांतरित आओर एक सँ बेसी ठाम पंजीकृत मतदाताक फराक–फराक सूची बनाओल जायत। ई सूची के सभ राजनीतिक दल के सेहो पठाओल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अठारह जुलाई कऽ पूर्वी चंपारण जिला मुख्यालय मोतिहारी आबि रहल छथि। ओ गाँधी मैदान में एक जनसभा के संबोधित करताह। संगहि राज्यक सात हजार करोड़ टाका सँ बेसिक कतेको योजनाक शिलान्यास आओर लोकार्पण करताह। प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के लऽकऽ तैयारी के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। जिला प्रशासन कार्यक्रम स्थल आओर लऽग–पासक क्षेत्र मे सुरक्षा बढ़ा देलक अछि। पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात जनौलनि जे प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम मे उमरयवला भीड़क प्रबंधन लेल शहर मे कतेको ठाम व्यवस्था कयल जा रहल अछि।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर सांसद संजय कुमार झा जनौलनि जे प्रधानमंत्रीक बिहार एनाई शुभ संदेश होयत अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री झा जनौलनि जे पछिला दौरा जेहेन एहि बेर सेहो प्रधानमंत्री राज्य के पैघ सौगात देताह। ओ जनौलनि जे राज्यवासी प्रधानमंत्रीक स्वागत लेल उत्साहित छथि।

———————————————————————

राष्ट्रीय मानवाधिकारी आयोग पूर्णियां मे एकहिं परिवारक पांच सदस्य के जिंदा जरा कऽ मारि देल गेल मामिला मे मुख्य सचिव आओर पुलिस महानिदेशक के नोटिस देलक अछि। जादू–टोना करबाक संदेह मे ई घटना कयल गेल आयोग ई घटनाक मीडियाक खबरिक स्वतः संज्ञान लैत अधिकारी सभ के दू सप्ताह मे रिपोर्ट देबाक लेल जनौलक अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय अन्वेषण ब्यरो, सी.बी.आई आयकर विभागक डिप्टी कमिशनर आदित्य सौरभ आओर दू आन कर्मी के दू लाख घूसक आरोप मे गिरफ्तार कयलक अछि। डिप्टी कमिशनर आदित्य आओर आन दू आरोपी इंकम टैक्स इन्सपेक्टर मनीष पंकज आओर एम.टी.एस शिवम पटनाक आयकर महानिदेशक अनुसंधानक कार्यालय मे काज करैत छलाह। सी.बी.आई ई तीनू के अदालत मे पेश कयलक जेकर बाद हुनका सभ के न्यायिक हिरासत मे जेल पठा देल गेल।

———————————————————————

सीमा सुरक्षा बल एसएसबी भारत–नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमा पर एहि वर्ष जनवरी सँ अखन धरि चौदह विदेशी नागरिक के गिरफ्तार कयलक अछि। अवैध ढंग सँ भारत मे अयबाक प्रयास करयवला लोक सभ मे आठ चीनी, तीन बंग्लादेशी आओर कनाड़ा, यूक्रेन आओर सेनेगलक एक–एक नागरिक छथि। एसएसबी सीमांत पटना महानिरीक्षक निशीत कुमार उज्ज्वल पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ई जनतब देलनि।

———————————————————————

पड़ोसी राज्य झारखंड आओर उत्तर प्रदेशक संग राज्यक कतेको क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारण गंगा सहित राज्य सँ बहयवाली कतेको नदिक जलस्तर बढ़ल अछि। गंडक नदिक जलस्तर मुजफ्फरपुरक रेवाघाट आओर हाजीपुर मे बढ़ि रहल अछि। एम्हर, बागमती नदी मुजफ्रपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान सँ आधा मीटर ऊपर बहि रहल अछि। बूढ़ि

गंडक, कोसी, महानंदा, अधबारा समूहक नदी सहित आनोआन नदिक जलस्तर बढ़ि रहल अछि।

———————————————————————————

दक्षिण–पश्चिम मॉसूनक सक्रियता सँ राज्य मे बेसी ठाम मध्यम सँ भारी बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार सहरसा, सुपौल, समस्तीपुर गया, रोहतास, नवादा आओर जमुई सहित कतेको जिला मे किछु ठाम भारी बरखा भेल अछि। गयाक डोभी मे सभ सँ बेसी एक सय छियासी दशमलव आठ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला किछु दिन धरि प्रदेश बेसी क्षेत्र मे मध्यम सँ भारी बरखा होयत। विभाग आइ कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद आओर गया जिला मे किछु ठाम बहुत भारी बरखाक औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त